

22 desanm 2020

Chè fanmi,

Avan nou separe pou vakans ivè a, mwen vle ekspri gratitud mwen pou tout sa nou fè pou pèmèt aprantisaj kontinye pandan tan sa a nou p ap janm bliye a.

Fanmi ak edikatè nou yo se kè ak nanm kominote lekòl nou yo, epi tout sa nou reyalize ane sa a, se grasa noumenm. Pou sakrifis ou te fè pou asire timoun ou yo boujonnen nan yon epòk aprantisaj miks ak adistans. Pou konfyans ou genyen nan lekòl leta nou yo. Pou opinyon w ou fè m konnen—kit li pozitif oswa negatif, sa ede m ak tout moun nan DOE sèvi oumenm ak timoun ou yo pi byen.

Byenke sezon fèt yo ap parèt byen diferan ane sa a, gen anpil bagay pou nou selebre. Mwen espere ou pran tan pou rejwi w, detann ou, konekte avèk moun ou renmen ki pre ak lwen — epi reflechi sou aksyon bonte ak konpasyon ki te rekonfòte lavi ou pandan 12 mwa ki sot pase yo.

Pandan n ap avanse nan rès ane lekòl la, n ap rete konsantre sou objektif nou pou bay yon edikasyon pi bon kalite posib la pou chak nan timoun ou yo. Nou fè sa pou prepare yo pou yon vi ki reyisi, pwodiktif, pou yo gen kapasite ak ladrès yo bezwen pou pousoiv rèv yo. Pou sa, semèn pase a nou te anonse chanjman nan pwosesis admisyon nan lekòl presegondè ak segondè, ki pral kòmanse an janvyè. Apati ane pwochèn, lekòl presegondè nou yo pa pral itilize dosye akademik, odisyon, oswa lòt egzaminasyon ni evalyasyon pou evalye oswa aksepte elèv, epi lekòl segondè yo ap elimine priyorite jewografik yo. Sa pral ba nou yon pwosesis pi jis pou tout fanmi lekòl leta Vil Nouyòk Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale nan schools.nyc.gov/middle or schools.nyc.gov/high.

Nou konnen genyen plis bagay pou nou reyalize, epi nou ini nan misyon nou pou asire pitit ou a—ak chak nan 1.1 milyon kamarad li yo—resevwa pi bon edikasyon posib la nan pi gwo vil nan mond lan.

Nan non nou tout nan Depatman Edikasyon, mwen swete oumenm ak pwòch ou yon bèl sezon fèt ak yon bòn ane. Tanpri pote w byen, rete an sekirite, epi n ap tann pou wè ou an 2021!

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk